



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF 'ETA NEW YORK AN POZ' LA

Règleman an 10 pwen ki garanti menm sekirite a pou tout moun

Se pou tout biznis ki pa twò nesèsè yo fèmen a 100% nan tout Eta a, an vigè depi dimanch a 8PM — Ekspte Sèvis ki nesèsè yo tankou Boutik ak Sant Sante

"Lwa Matilda a" ap founi lòt pwoteksyon pou moun ki plis frajil yo – Pèp New York ki gen laj 70 oswa pi plis, moun ki gen sistèm iminitè fèb ak sila yo ki gen lòt maladi yo

Enpoze yon dèle de 90 jou sou tout moun y'ap mete deyò nan kay ou nan biznis

Mande Founisè Pwodwi PPE yo pou yo vann Eta a Pwodwi ki pa nesèsè epi ankouraje

Konfime 2,950 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 7,102; nouvo ka nan 23 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse l'ap siyen dekrè egzekitif Eta "New York an POZ ("New York State on PAUSE") la", yon règleman an 10 pwen pou asire sekirite tout moun. Li gen ladan l yon nouvo plan ki pou fè tout antrepriz ki pa nesèsè nan Eta a fèmen apati 8PM dimanch 22 mas la epi entèdi pou yon ti tan tout rasanbleman moun tout gwosè ki pa nesèsè yo, pou kèlkeswa rezon an.

Gouvènè Cuomo te anonse "Lwa Matilda a" – Ki soti nan non manman gouvènè a – pou pwoteje popilasyon ki plis frajil yo nan New York, ansanm ak moun ki gen laj 70 pou rive plis, moun ki gen sistèm iminitè fèb ak sila ki gen lòt maladi yo. Mezi sa a fòse gwoup abitan New York sa yo rete lakay epi limite vizit adomisil kay manb fanmi oswa zanmi pwòch ki bezwen èd an ijans. Si sa nesèsè pou rann moun sa yo vizit, vizitè a dwe chwazi apre yo fin pran tanperati kò l epi gade si moun nan pa afiche lòt sentòm tankou grip. Tou de moun yo dwe mete mas pou tout dire vizit la.

Gouvènè a te anonse tou yon dèle de 90 jou tout moun y'ap met deyò nan kay oswa nan biznis.

Anplis, akoz yon mank ekipman pwoteksyon pèsònèl – oubyen PPE – nan Eta a, ansanm ak gan, mas ak blouz, gouvènè a mande tout founisè pwodwi PPE yo pou yo vann Eta a tout pwodwi ki pa nesèsè oswa ki p'ap itilize pou moman an. Biznis ki

entèrese vann Eta a pwodwi yo ka kontakte Simonida Subotic nan [646-522-8477](tel:646-522-8477) oswa covid19supplies@exec.ny.gov.

Gouvènè a ankouraje tou nenpòt konpayi ki gen ekipman oswa pwofesyonèl ki kalifye pou kòmanse fabrike PPE sis a posib. Leta pare pou bay finansman a nenpòt konpayi pou gen bon jan ekipman ak pwofesyonèl kalifye. Biznis ki entèrese pou resevwa finansman nan men Eta a pou fabrike pwodwi PPE yo dwe kontakte Eric Gertler nan [212-803-3100](tel:212-803-3100) oswa COVID19supplies@esd.ny.gov.

"Nou konnen mwayen ki plis efikas pou diminye pwopagasyon viris la se pa mwayen distans moun a moun ansanm ak mezi pou diminye kantite a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen te di depi nan kòmansman ke tout desizyon politik n'ap pran pral baze sou fè, e tout tan n'ap gen plis fè, n'ap bay repons posib la. Dekrè egzekitif sa a apiye sou mezi nou te pran pou rezoud pwopagasyon viris la epi pwoteje byenèt zanmi, kòlèg ak vwazen nou. Men yon lòt fwa ankò m'ap raple popilasyon New York la ke panik nou wè a depase reyalyte viris la – e n'ap travèse peryòd sa a ansanm."

Men kijan plan an 10 pwen Gouvènè Eta NY an POZ la ye:

1. An vigè a 8PM dimanch, 22 mas, tout biznis ki pa nesèsè sou tout Eta a ap fèmen;
2. Rasanble moun tout gwosè pou kèlkeswa rezon an ki pa nesèsè (eg. fèt, selebrasyon oswa lòt evènman sosyal) ap anile oswa repòte pou moman sa a;
3. Tout kantite moun ki an deyò lakay yo dwe limite an travayè k'ap bay sèvis nesèsè epi distans moun a moun nan dwe respekte;
4. An piblik, moun yo dwe respekte yon distans moun a moun pou pi piti sis pye parapò a lòt moun yo;
5. Biznis ak antite k'ap bay sèvis nesèsè yo dwe aplike prensip k'ap ran distans moun a moun pou pi piti sis pye a respekte;
6. Moun yo ta dwe limite aktivite anbyans an plenè yo san kontak epi evite aktivite kote y'ap antre an kontak sere ak lòt moun;
7. Moun yo ta dwe diminye aktivite transpò piblik yo lè sa dwe fèt epi yo ta dwe limite ekspoze tèt yo pandan y'ap bay yon distans pou pi piti sis pye ak lòt siklis yo;
8. Moun ki malady o dwe kite kay yo sèlman pou resevwa swen nedikal epi sèlman apre yon vizit telesante pou konnen si kite lakay la ap bon pou sante yo;
9. Jèn moun yo ta dwe pratike distans moun a moun nan tou epi evite kontak ak moun ki frajil yo; epi
10. Itilize pratik dezenfeksyon pou pwoteje yo tankou itilizasyon ti twal alkòl.

"Lwa Matilda a" gen prensip sa yo ladan l pou moun ki frajil yo:

- Rete anndan kay;
- Ou ka soti deyò pouf è egzèsis poukont ou;
- Analize davans tout vizitè ak èd pandan w'ap pran tanperati kò yo epi verifye si moun nan afiche lòt sentom tankou grip;
- Pa vizite kay ki gen anpil moun;

- Mete mas lè w nan mitan moun;
- Tout tan l' posib, tout moun ki anfas moun ki frajil ta dwe pote mas;
- Toujou rete pou piti sis pye distans de lòt moun; epi
- Pa pran transpò piblik si sa pa ijans owsa vrèman nesèsè.

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,950 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 7,102 ka konfime nan Eta New York. Nan total 7,102 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany County	61	18
Allegany County	2	0
Broome County	2	0
Chenango County	2	0
Clinton County	2	0
Columbia County	1	1
Delaware County	1	0
Dutchess County	36	5
Erie County	31	3
Essex County	1	0
Fulton County	1	0
Genesee County	1	0
Greene County	2	0
Hamilton County	2	0
Herkimer County	2	1
Jefferson County	1	0
Livingston County	1	1
Monroe County	32	5
Montgomery County	2	0
Nassau County	754	382
Niagara County	3	2
New York City	4408	1939
Oneida County	2	0
Onondaga County	8	3
Ontario County	3	2
Orange County	84	33
Putnam County	7	2
Rensselaer County	8	2
Rockland County	101	48
Saratoga County	24	6
Schenectady County	21	3
Schoharie County	1	0

Suffolk County	371	193
Sullivan County	8	5
Tioga County	1	0
Tompkins County	7	1
Ulster County	12	2
Warren County	1	0
Washington County	1	0
Wayne County	1	0
Westchester County	1091	293
Wyoming County	2	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)